

II Korent 5:10-16

Date : August 4, 2011

Nimewo Pwogram Nan : 0538

Tit Pwogram Nan : II Korent 5:10-16

Se tout yon plezi pou nou rankontre jodia ankò nan etid bibliik Atravè Labib. N ap kontinye jodia avèk etid nou nan chapit 5 dezyèm epit Korent lan pou nou konsidere vèsè 10 a vèsè 16. Pasaj nou se II Korent 5 :10-16.

N ap fè w sonje etid bibliik Atravè Labib yo disponib 24/24 sou sit Entènèt nou ki se ttb.twr.org/creole. Sou sit la ou kapab rekoute pwogram jodia ou nenpòt lòt pwogram ou ka telechaje pwogram yo, ou ka li eskrip yo menm pataj lyen sit la avèk yon zanmi. Donk n ap envite w pran yon ti tan pou w vizite sit la ki se ttb.twr.org.

Epitou nou toujou kontan resevwa lèt ak lòt korespondans ou yo nan pwogram. Meyè fason w kapab fè sa se atravè bwat a lèt e lektwonik nou, sa vle di imel oubyen kouryèl nou ki se creole@twr.org adrès la yon fwa ankò se creole@twr.org. N ap byen kontan resevwa nouvlè ou.

Kounyea annou pwoche kote Senyè a nan lapriyè.

Bondye Papa nou ki nan syèl la, nou pa konn kòman pou n remèsye pou sajès ak mizerikòd Ou. Pou lanmou Ou ki depanse tout konpreyansyon imen. Pou delivrans nou, esperans nou nan Jezikri, garanti nou nan Sentespri a e pou tout bagay. Pou sa Ou ye tankou pou sa Ou fè. Mèsi anpil Papa.

N ap envite W nan moman sa pran plas Ou nan pwogram jodia. Dirije pa nou yo. Pa kite se nou ki pale oubyen k ap eseye entèpre Pawòl Ou yo men ke se Lespri Sen an ki fè travay Li. Kraze vye veso an tè a Senyè e kite laglwa Ou manifeste pami nou. Se nan non Senyè Jezi, Sila ki jistifye nou an nou priye W, amèn.

Ou byenvini nan etid Atravè Labib. N ap etidye jodia II Korent 5 :10-16.

N ap kontinye jodia kote nou te rive nan pwogram pase a ki se II Korent 5 :10. Si n ap swiv etid yo avèk atansyon, nou ka wè gen twa motivasyon Bondye bay kwayan yo pou sèvi L isit la nan monn sa a, pou temwaye pou Li e preche Pawòl La bay sila ki pèdi yo. Nou jwenn motivasyon an nan premye vèsè nou pou jounen an : II Korent 5 :10 kote Pòl di :

II Korent 5:10 Paske, nou tout nou gen pou n' konparèt devan Kris la pou li ka jijje nou. Lè sa a, chak moun va resevwa sa ki pou li dapre byen osinon dapre mal li te fè antan l' te nan kò sa a.

Ou menm avè m kòm kretyen, Senyè Jezi va rekonpanse nou selon fason nou te sèvi l pandan nou t ap viv sou latè nan kò sa a. Sa ki pi bèl la nan tou sa sèke nou gen yon motif pou n sèvi Kris, paske gen yon jou k ap vini n a gen pou n prezante L pou rann Li kont sou aksyon nou yo. Senyè Jezi deklare nan Revelasyon 22 :12 : «Koute, m'ap vin talè konsa. M'ap pote rekonpans m'ap bay la avè m', pou m' bay chak moun sa yo merite daprè sa l' fè.» L ap pale isit la sou kretyen yo, moun pa L yo. Senyè Jezi di kretyen sove yo va gen pou konparèt devan Tribinal Li a. Tankou nou te di sa nan pwogram anvan an, plas jijman sa a soti nan mo Bema e li totalman diferan avèk Twòn Bondye a non, Gran Twòn Blan kote yo va jije lemonn nan. Bema a gen rapò avèk jijman pou travay nou yo kòm kretyen. Epi si nou fè yon ti bak nan II Korent 5 :9 n ap wè apot Pòl di :

II Korent 5 :9 Men, anvan tout bagay, nou vle fè Seyè a plezi, kit nou nan kò sa a, kit nou kite li.

Enben isit la nou te ka chanje ekspersyon «nou vle fè Senyè a plezi» avèk « nou anvi fè Senyè a plezi ». Kit nou nan kò sa a, kit nou kite li, nou anvi fè Senyè plèzi. Mo « anvi » sa a enteresan anpil nou jwenn li tou nan lèt Pòl te ekri moun Tesalonik yo. Li ekri nan I Tesalonisyen 4 :11 : «Chache viv ak kè poze. Okipe zafè pa nou. Travay ak men nou pou nou pa rete sou kont moun.» Pòl ap envite nou chache gen lanvi pou n okipe tèt nou nan zafè pa nou. Pou n travay ak men nou. E sa nesèsè, pa vre ? Donk isit la, nan liv II Korent lan, li di nou : pakonsekan nou gen lanvi tou, kit nou nan kò sa a, kit nou kite li, pou nou fè Senyè a plèzi. Se sa nou dwe gen nan panse nou, nou dwe gen lanvi pou n travay yon fason pou fè l plezi, pou l ka aspète nou.

Men gen yon nyans enpòtan nou bezwen souliye isit la sèke anfèt yo deja asepte nou. Mèt la asepte nou, se sa Pòl di nan premye chapit liv Efezyen an. Kris asepte nou tout. Men sa n ap pale isit la yon ti jan diferan. Paske, anfèt, gen yon gran diferans ant yo aspète w nan Kris e Kris asepte w. Asepte m nan Kris fè referans sou pozisyon m devan Bondye. Bondye wè m nan Kris e Kris fè tou sa m bezwen pou mwen: Bon konprann, lajistis, jistifikasyon ak delivrans mwen, Li fèt tou. Li se pèfeksyon m. Bondye wè m nan Kris e mwen konplè nan Li. Konsa, yon moun pa ka ajoute anyen sou sa, paske l deja konplè. Pwen final. Lè w fè dis sou dis nan yon egzamen se fini, ou pa ka fè yon pi gwo nòt paske se dis ki maksimòm nan. Menmjan an tou, nou menm nou gen Kris, donk yo asepte nou totalman nan moun nou renmen anpil la.

Men kisa n vle di menm, lè nou di Li asepte nou? Enben sa pale sou eta nou. Asepte nan Kris la gen rapò avèk pozisyon nou e asepte n nan gen pou wè avèk eta nou. Bon kounyea, ki anbisyon w jodia? Èske w gen anbisyon pou Kris asepte w? Anbisyon isit la pa vle di anvi afè moun oswa elimine tout moun ou tan jwenn sou wout pou pwomosyon l lan non. Paske nou konnen malerezman gen anpil moun se konsa yo pran l. Gen anpil moun sèl anbisyon yo nan levanjil la se pou yo ka plen pòch yo oswa pou moun konnen yo. Se pa sou anbisyon sa a n ap pale.

Dòktè G. Campbell Morgan rakonte nou kòman l te lite ak pwoblèm sa a. Li te pwofesè lekòl lè l te resevwa apèl pou l te vin yon minis Levanjil. Pou li sa se te yon moman trè solanèl. Li te santi tankou si Senyè a t ap mande l: «Yo konsakre w pou w ka vin minis Mwen. Eske w vle vin yon gran predikatè ou gran sèvitè ?» Premye sa Dòktè Morgan t ap panse sèke l te vin yon gran predikatè. E definitivman sa se yon bèl anbisyon. Men yon tan apre li te kontinye ap repase kesyon sa a nan tèt li : «Èske w vle vin yon gran predikatè, ou yon gran sèvitè?» Finalman li te rive nan konklizyon pou l di : «bon, m pa kapab yon sèvitè e yon gran predikatè anmenm tan, mwen dwe chwazi yonn nan de a.» E apres l te di : «mwen beni non w Senyè, mwen vle vin yon

gran sèvitè pou ou anvan nenpòt lòt bagay. E m dispoze tounen yon predikatè yo pa wè.» Enben, nou kwè non sèlman Bondye te fè Dòktè G. Morgan tounen yon gran sèvitè men l te fè l tounen yon gran predikatè tou.

Zanmi, gen kèk fwa nou panse anbisyon nou ta dwe vin yon bagay ki gran pou Bondye. Men Bondye di nou: «Mwen vle pou nou vin yon sèvitè M, e se tou.» E lè ou menm avè m nou dispoze di: Senyè, pran m, fòme m, e fè sa ou vle avè m. Enben, lè sa a, L a pèmèt nou fè gran bagay pou Li.

Ou sonje jan pwofèt Jeremi te di sa nan Jeremi 45 :5 ? Li te di: «Epi ou menm, w'ap mande pou yo fè pa ou, w'ap mande yon soulajman pou tèt ou ase? Pa mande anyen. M'ap voye malè a sou tout moun sou latè. Se mwen menm Senyè a ki di sa. Men ou menm, ou mèt ale kote ou vle, ou pap mouri, w'ap sove lavi ou!» Pawòl sa yo klè kon dlo kokoye, pa vre ? Zanmi, èske w ap eseye fè gran bagay pou benefis pwòp tèt ou? Gen anpil predikatè anbisye. Gen anpil layik anbisye. Gen anpil ouvriye avèk kwayan anbisye. Men sa se yon anbisyon egoyis. Eske w vle vin yon sèvitè Bondye? Si se reyèlman sa w ye, enben w a gen kapasite fè kèk bagay pou Li e L a va rekonpanse w pou sa. Onètman bagay sa a ban m anpil sousi paske nan tout sa m ap fè, mwen vle rasire m ke m ap aji tankou yon sèvitè.

Ni mwen, ni ou n a gen pou n prezante devan L, L a jije ou evalye travay nou. E m kwè sa kont pou motive nou travay ankò plis pou Senyè a. Èske w ap fè yon bagay jodia? E lè n di jodia, se pa nesèman jounen sa a non, n ap pale nan yon san relatif. N ap mande w eske nan sa yo kote n ap viv yo, w ap fè yon bagay, yon travay aseptab pou Bondye? Eske lè w va rive nan prezans Li, L a kapab di w : Vini non bon e fidèl sèvitè. Ou se yon bon domestik e w te byen travay, vin resevwa rekonpans ou ?» M espere ke ka reponn kesyon sa a pozitivman.

Bon sa se te premye nan twa motif yo. Kounyea Pòl prezante nou dezyèm motif la nan vèsè 11 la. II Korent 5 :11 :

II Korent 5:11 Mwen konnen sa ki rele gen krentif pou Bondye, se poutèt sa m'ap chache mennen lèzòm vin kwè nan sa m'ap di. Bondye pou tèt pa l' gen tan konnen m' nèt. Mwen ta swete nou menm nan fon kè nou, nou konnen m' tou.

Labib pale anpil sou «krentif pou Senyè a.» Anreyalite yo di nou : «Lè ou gen krentif pou Bondye, se lè sa a ou kòmanse gen bon konprann.» Gen moun jodia, espesyalman sila ki gen tandans liberal yo, ki di: «Bon, ou pa bezwen pè Bondye. Bondye bon, Li dou, Li emab e Li tand. » Yo di : « Bondye twò gen bon kè pou L ta kite nou ale nan lanfè donk ou mèt viv e pran plezi w jan w vle. Bondye bon, Li padonnen nou anpil donk ou pa bezwen pè Bondye.» Epi liberal sa yo, avanse doktrin patènite avèk fratènite inivèsèl yo. Sa vle di Bondye se papa tout moun e Jezikri se frè tout moun. Pou di vre zanmi, sa yo se doktrin pi kondanab ki te ka egziste jounen jodia. Paske w konnen se Pawòl Bondye a di? Li konstate nan Ebre 10 :31: «Aa! Sa se yon bagay tèrib wi, pou yon moun tonbe anba men Bondye vivan an.»

Jodia se tankou si y ap sèvi moun yo yon pen sentetik. Yo prezante yon bèl levanjil dore men ki pa gen nannan. Zanmi, Bondye nou an se yon Bondye ki sen, yon Bondye ki jis, e ki renmen nou. Li vle sove w. Men si w pa fè bagay yo jan L vle a, enben w a gen pou w tonbe anba jistis Li. Se pousa Pòl di : «Mwen konnen sa ki rele gen krentif pou Bondye, se poutèt sa m'ap chèche mennen

lèzòm vin kwè nan sa m'ap di.» Gen anpil legliz sèjousi kote yo pa janm preche sou lanfè. Yo pa janm pale sou pinisyon, ni sou okenn bagay ki gen rapò avèk tèm jijman an. E kòm rezilta, tèm jijman Bondye a jodia prèske tounen tankou yon zegwi ki anfouye nan pwotestantis lan. Zanmi Senyè Jezi te di li te vin chache e sove sila ki te pèdi yo. Li te fè sa paske L byen konnen se yon bagay tèrib pou yon moun tonbe anba men Bondye. E sa se pa yon bagay nou dwe ni inyore, ni minize ni pran ala lejè. Kounyea nou li nan II Korent 5 :12:

II Korent 5:12 Pa mete nan lide nou mwen vin pale nou byen sou tèt mwen ankò. Men, mwen ta renmen ban nou okazyon pou nou kontan m' anpil, pou nou ka jwenn repons pou nou bay moun ki pa gen bon kalite nan kè yo tout bon, men k'ap fè grandizè pou bagay ki gen bèl aparans.

Ki vle di, si w ap prezante tout konsèy Bondye a, ou ka fè l men nan yon fason emab e avèk renmen. Ou pa gen pou w fè loraj ak zeklè tonbe sot nan syèl la. Men nou tout nou dwe rekonèt ke lèzòm pèdi. E lè n di sa, se pa lwanj pwòp tèt nou n ap fè non. Nou p ap eseye fè tèt nou pase pou bon ou eseye vin pi popilè. Men se vre lèzòm pèdi e sa fè nou toujou yon jan anbarase tandè bèl pawòl dous sa yo laplipa predikatè nou yo jodia ap preche pou fè moun plezi yo.

Pèmèt nou di w, zanmi, e n ap di sa a avèk anpil tandrès, si w pa gen Kris nan moman sa a, se pa ni metòd modèn ou sikolojik, ni bon ni move vibrasyon ou bezwen men ou bezwen Jezi de Nazarèt. Si se pa sa w ap mache tèt bese sou wout lanfè a paske anfèt ou se yon pechè. Ou bezwen Jezikri. Petèt pawòl sa yo ka pa twò popilè sèjousi men se sa Bib la di e se sa nou menm n ap anseye nan etid nou yo.

Pòl di : «Pa mete nan lide nou mwen vin pale nou byen sou tèt mwen ankò.» Donk nou pa vin fè grandizè sou tèt nou. Sa ki enpòtan an se deklare tout mesaj Bondye a jan l ye a, e motivasyon sa a sifi pou ankouraje nou preche Pawòl la. Se sa ki kapab reveye legliz sa yo k ap dòmi yo. Nou pa dwe janm sispann ensiste sou bezwen monn pèdi sa a genyen pou yon sovè pou delivre l. Sa nou bezwen tout bon se konsantre nou sou nesite nasyon nou yo. Chak nasyon nou yo, se yon chan misyonè paske lakay nou, nan vwazinaj la, sou katye an, nan travay la, nan lari a, patou, ou pa sispann kwaze ak moun k ap fè wout pou lanfè. Donk nou bezwen preche tout Pawòl la e nan tout sikonstans. Answit, nou li nan II Korent 5 :13 :

II Korent 5:13 Si jan yo di l' la mwen fou, se pou Bondye mwen fou. Men, si mwen gen tout bon sans mwen, se pou nou menm, moun Korent, mwen konsa.

Pòl di : y ap mache di mwen fou, enben si m fou jan y ap di l la, se pou Bondye mwen fou. Men si m gen tèt mwen byen kole sou de zepòl mwen enben tèt dwat sa a se pou nou moun Korent.

Kounyea avèk vèsè 14 la, Pòl va bannou twazyèm motif pou sèvis kretyen. Li di :

II Korent 5:14 Paske, se kalite renmen Kris la gen pou nou an k'ap dirije m': mwen gen konviksyon sa a, si yon sèl moun te mouri pou tout lòt yo, sa vle di tout lòt yo mouri ansanm avè li.

Pòl di : «Se kalite renmen Kris la gen pou nou an k'ap dirije m'». Men m konnen gen anpil moun ki mal itilize pawòl sa a. Gen moun ki panse renmen Kris la mete restriksyon pou nou, li mare nou, li pa pèmèt nou ajì. Men se pa sa Pòl ap di isit la. Sa Pòl ap di sèke renmen Kris la ap pouse nou, l ap motive nou e l ap ba nou anvì. Renmen Kris la ap pouse nou pi devan. Se renmen Kris la

ki kòz n ap preche Pawòl Bondye a. Sa a se motivasyon an e se pousa Pòl di «Paske, se kalite renmen Kris la gen pou nou an k'ap dirije m': mwen gen konviksyon sa a, si yon sèl moun te mouri pou tout lòt yo, sa vle di tout lòt yo mouri ansanm avè li.» Se gran verite sa a ki te motive apòt Pòl vwayaje al pote Levanjil la menm nan zonn ki te pi rekile yo. Vèsè 15:

II Korènt 5:15 Li mouri pou tout moun. Konsa, moun k'ap viv yo p'ap viv pou tèt pa yo ankò, men y'ap viv pou moun ki te mouri epi ki te leve soti vivan nan lanmò pou yo a.

Sa se levanjil la. Se renmen Kris la k ap gide nou, epi levanjil la dwe montre lanmò, lantèman avèk rezireksyon Kris la. Sa yo se zafè levanjil la. E lè nou preche lèzòm, se yon apèl nou fè yo pou yo kapab rekonsilye avèk Bondye kounyea menm. Se sa levanjil la ye menm : Bondye di ou kapab rekonsilye ak Li kounyea menm.

Pòl di tou : «mwen gen konviksyon sa a, si yon sèl moun te mouri pou tout lòt yo, sa vle di tout lòt yo mouri ansanm avè li.» A tout bon konsyans li, Adan te dezobeyi Bondye. E lè sa a li te tonbe anba santans lanmò a e lè l te fè sa malerezman, li te trennen tout moun dèyè l. Paske nou tout nou reprezante nan li. Donk nou tout nou fèt nan yon fanmi moun mouri, nou tout anba santans lanmò.

Gen yon moun ki te di: «Menm kote yon moun fèt la, nou vèl lavi sa a li genyen an kòmanse pèdi.» E David te di : «Menm si m'ap pase nan yon ravin ki fènwa anpil...» Sa pa nesèman vle di nan fen lavi a non, men l te vle di pandan tout lavi l li t ap mache san rete tankou si se te nan yon koridò lanmò. E kòridò sa a t ap vin pi etwat jouk pou fini, yon jou li te blije pase nan pòt lanmò a.

Mentnan, pèmèt nou prezante w yon ilustrasyon sou sa. Nou kapab panse pa egzanp a yon tèt mòn. Ou kapab sèvi ak nenpòt gwo mòn ou konnen men mòn ki pi wo nan monn nan se mòn Evèrès. Ann sipoze sou tèt mòn Evèrès Bondye t a fè yon paradi epi l mete lòm, sa vle di, Adan landan li. Kounyea, nan plas sa a te gen tout sa ki te bon pou li e tou sa l ta bezwen. Li te sen li pa t ankò fè peche. Yo te di l sa l ka fè ak sa l pa ka fè men sepandan li te chwazi fè sa yo te entèdi l fè yo. Alò, li tonbe. Nou toujou pale sou chit Adan an. Enben Adan soti tonbe sou tèt mòn Evèrès pou rive jouk anba nan vale a. Msye pa t gen parachit ni okenn lòt bagay pou pwoteje l donk ou ka tou imajine li te pran yon gwo so. E nan tonbe a Adan te trennen tou rès limanite dèyè l. Paske kounyea, moun sa yo pa t fèt kote Adan te ye anvan an, sou tèt mòn nan, anwo kote li te inosan an, men yo vin fèt anba isit la, nan vale a.

Lè Lesenyè Jezi te vin nan monn sa a, li te vini nan yon monn kote nou menm, nou te mouri nan transgresyon e nan peche nou yo. Lè l te vini an, Li pa t vin sou tèt mòn nan malgre Li se yon moun ki pa gen peche nan li, men pito Li te vini kote nou ye a, nan bafon peche a. Li te sen, Li te inosan, Li te san tach, Li te separe avèk peche, men L te vin nan monn nan pou L te sove pechè yo. Kifè, Li pa t ka jwenn pèsonn nan nivo sentete sa a sou tèt mòn nan, paske tout moun nèt te deja sot tonbe ak Andan pou al chwe nan vale.

Kisa L te oblije fè lè sa a ? Li te oblije desann nan nivo nou an, nan plas lanmò sa a kote lòm ye a, epi L mouri pou tout moun. Poukisa? Paske lèzòm te mouri, Li te oblije desann nan plas lanmò sa a kote nou ye a. Men annapre, Li leve e L mennen kwayan yo avèk Li nan yon lavi « leve soti vivan nan lanmò ». Petèt kounyea w ap tann pou L ta restore nou nan pwozisyon nou e retounen mete nou sou tèt mòn nan. Men non se pa sa L fè paske kounyea se nan syèl L ap prepare yon kay pou nou. Bon kounyea, si Kris te mouri pou tout moun, sa vle di nou tout nou mouri. Li te pran plas

nou, e si nou menm nou pral viv, se dwe atravè konfyans nou nan Li. Pa mwayen lafwa. «Konsa, moun k'ap viv yo p'ap viv pou tèt pa yo ankò, men y'ap viv pou moun ki te mouri epi ki te leve soti vivan nan lanmò pou yo a.»

Kifè zanmi, nou menm nou pa konnen pèsonn selon lachè. Pakonsekan, se senpleman moun pèdi ki gen nan monn nan. Nonm sa a kapab se yon dòktè, kapab se yon pwofesè inivèsite, kapab se yon moun trè distenge, trè entèlijan, men se yon moun pèdi si l pa nan Jezikri. Se posib isit la nou ka gen yon mandyan, yon moun malad ou yon jenn denwazèl men nou pa konn pèsonn selon lachè. Sa vle di, selon vye nati sa a, tout moun pèdi san Kris. Epi Pòl di li mouri pou yo tout. Kris te mouri pou dòktè a, Li te mouri pou pwofesè inivèsite a, Li te mouri pou entèlekyèl la, Li te mouri pou mandyan, pou moun malad la tankou jenn demwazèl la. Li te mouri pou ou, pou mwen, pou li e pou nou tout. Kounyea nou li nan II Korent 5 :16 :

II Korent 5:16 Se poutèt sa, depi koulye a, mwen pa konsidere pesonn sou laparans, tankou lèzòm fè l' la. Si yon lè mwen te konsidere Kris la sou laparans tankou lèzòm fè l' la, koulye a mwen pa konnen l' nan jan sa a ankò.

Pa konsekan : depi koulye a, mwen pa konsidere pèsonn sou laparans. Answit Pòl di : «Si yon lè mwen te konsidere Kris la sou laparans.» Kidonk, nou kwè Pòl te konnen Kris nan lachè, sa vle di fizikman. Nou kwè l te prezan lè yo t ap krisifye Senyè a. Nou pa ka imajine pou yon farizyen briyan konsa tankou jenn gason sa a ki te rele Sòl moun lavil Tas la te ye a, pa t a ale lavil Jerizalèm pou yon okazyon si patikilye. Donk nou kwè Pòl te prezan nan krisifiksyon Kris la.

Seksyon sa a n ap etidye a enteresan anpil men, malerezman, lè nou fini donk nou oblije kite w. M espere ke ou va avèk nou ankò nan pwochen pwogram si Bondye vle. Pou kounyea n ap mande pou Jezi resisite a kapab rete vivan nan lavi ou.